

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala saméméh ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* can tuntas (41,7). Hal éta katitén tina komponén peta konsép anu ngawengku: (1) proposisi nya éta kecap panyambungna kurang merenah dina ngahubungkeun dua konsépna, (2) hirarki nya éta runtuyan konsépna kurang bener dina nempatkeun konsép umum jeung konsép hususna (3) kaitan silang nya éta kecap panyambungna teu merenah dina ngahubungkeun dua konsép kana hirarki anu béda, jeung (4) komponén conto nya éta objék anu digunakeun dina peta konsép teu spésifik jeung atribut konsép. Sabab rata-rata kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala di handap KKM 70 tina 26 jumlah siswa. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2017/2018 can tuntas.
- 2) Kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* tuntas (73,32). Hal éta katitén tina komponén peta konsép anu ngawengku: (1) proposisi nya éta kecap panyambungna cukup merenah dina ngahubungkeun konsépna, (2) hirarki nya éta runtuyan konsépna cukup bener dina nempatkeun konsép umum jeung konsép hususna, (3) kaitan silang nya éta kecap panyambungna cukup merenah dina ngahubungkeun dua konsép kana hirarki anu béda, jeung (4) komponén conto nya éta objék anu digunakeun dina peta konsép kurang spésifik jeung atribut konsép. Sabab rata-rata kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala di luhur KKM 70 tina 26 jumlah siswa . Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2017/2018 tuntas.
- 3) Aya béda nu signifikan antara kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri Bandung taun

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

ajaran 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*, ngahasilkeun nilai 15,742 jeung signifikansi (Sig. 2-tailed) 0,000. Ku sabab peunteun signifikansi (Sig. 2-tailed) nya éta 0,000 kurang ti 0,05, ku kituna H_1 ditarima jeung H_0

Serly Setiabudi, 2018

***MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

ditolak. Jadi aya béda anu signifikan antara kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*. Hartina Modél *Think-Talk-Write* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyusun peta konsép dongéng sasakala.

5.2 Implikasi

Sabada pangajaran nyusun peta konsép dongéng sasakala siswa kelas VII.1 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2017/2018 ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* ngahasilkeun implikasi panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Bisa mekarkeun kamampuh siswa dina unggal komponén peta konsép, utamana ningkatkeun kamampuh komponén kaitan silang.
- 2) Parigel dina nangtukeun kecap panyambung anu merenah jeung miboga ma'na pikeun ngahubungkeun dua konsép anu béda.
- 3) Parigel ngaruntuykeun dua konsép tina konsép umum kana konsép husus.

5.3 Saran

Dumasar kana kacindekan jeung implikasi, dina ieu panalungtikan dijéntrékeun sababaraha saran saperti ieu di handap.

- 1) Hasil panalungtikan modél *Think-Talk-Write* dina pangajaran nyusun peta konsép dongéng sasakala éféktif, jadi ieu modél *Think-Talk-Write* bisa dijadikeun minangka salah sahiji alternatif modifikasi pangajaran.
- 2) Kulantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, ku kituna modél *Think-Talk-Write* masih perlu dimekarkeun deui jeung mugia aya penerapan ékspériman anu leuwih luhur jeung leuwih jembar.

Serly Setiabudi, 2018

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW) DINA PANGAJARAN NYUSUN PETA
KONSÉP DONGÉNG SASAKALA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu